

## EDE PITIT OU REYISI!

**Prezans** - Fè sèten pitit ou prezan nan lekòl la chak jou, alè—lòfini fòk li rete tout lajounen. Moutre pitit ou lekòl se enpòtan!

**Konminike** - Asiste konferans paran/pwofesè, li kanè enterimè e kanè yo, poze keksyon ou genyen avèk lekòl la epi pale pitit ou konsènan lekòl la chak jou.

**Sante** - Gade pitit ou an sante. Fè li kouche menm lè chak jou, lòfini ofri li bonjan repa ake soloba. Ede pitit ou rete an fòm, epi fèmen televizyon an.

**Enterè** - Moutre yon enterè nan sa pitit ou aprann. Asiste aktivite nan lekòl la, lòfini pale pitit ou konsènan sa l ap aprann, epi ede li fikse bi pou li ka reyisi.

**Atant** - Atann sa ki pi bon nan men pitit ou. Asire pitit ou ape:

- **Mande** èd lè li bezwen sa a.
- **Konpòte** yon fason ki fasilite aprantisay.
- **Konplete** devwa li yo.

**Benevola**—Moutre yon enterè epi sipòte lekòl la lè ou fè benevola nan sal klas la oubyen lakay la.

**Ankouraje** pitit ou pou toujou mete pi bèl zefò a li!

## ABC ELEMENTARY SCHOOL

### Patenarya lekòl/fanmi/konminote

**Konsèy konsiltatif lekòl - SAC** se konpoze ake 51% paran e manm nan konminote a, epi direktè lekòl la e pèsònèl lekòl la. Li gen devwa pou kontribye nan pwojè amelyorasyon lekòl, pwojè patisipasyon paran, pwojè Tit I pou distri a.



Depliyen sila a se yon apèsi **Pwojè patisipasyon paran**. Ou ka jwenn yon kopi pwojè anke nan biwo lekòl la. Yon depliyen ake **Pwojè patisipasyon paran** ape vin jwenn ou lakay ou nan premye semenn lekòl la. Plan anke se nan biwo direksyon lekòl la.

**Dirèktè.....Sue Zellers**  
**Dirèktè adjwen.....Ellen Green**

East Lee County High School  
Website:  
<http://elc.leeschools.net>

## DISTRI ESKOLÈ NAN KONTE LEE

**EAST LEE COUNTY  
HIGH SCHOOL**  
PWOJÈ PATISIPASYON  
PARAN  
TIT I  
2017-2018



715 Thomas Sherwin Avenue S

Lehigh Acres , FL 33974

Telefòn: 239- 369-2932

Faks: 239-369-3213

## KISA LI YE TIT I?

Tit I se yon bous federal pou ede lekòl yo satisfè bezwen elèv ki a risk e ki defavorize. Objektif Tit I se yon bonjan edikasyon pou chak elèv. Nou sèvi ake lajan bous Tit I pou amelyore rannman elèv yo, ogmante resous enstriksyon, epi edifye relasyon ake paran e patisipasyon fanmi yo.



## PWOJÈ PATISIPASYON PARAN

Se paran ansanm ake pèsònèl lekòl ki fè pwojè pou patisipasyon paran chak ane. Enfòmasyon nan pwojè a gendwa enkli:

- Kijan paran ka patisipe nan lekòl epi nan edikasyon a pitit yo.
- Kilè y ap konvoke reyinyon anyèl Tit I pou pale konsènan enfòmasyon Tit I epi fè desizyon konsènan lajan bous la.
- Ki atelye y ap ofri paran pou ede yo ogmante patisipasyon yo nan edikasyon pitit yo.

## SA PARAN GEN DWA KONNEN

Lekòl yo dwe enfòme paran konsènan dwa yo. Chak ane y ap voye yon lèt lakay la pou enfòme paran yo konsènan dwa swivan:

- Paran gen dwa mande enfòmasyon konsènan kalifikasyon pwofesyonèl pwofesè ak parapwofesyonèl ki travay ake pitit a yo epi resevwa enfòmasyon sila yo nan yon delè rezonab.
- Paran gen dwa konnen si pitit yo resevwa enstriksyon oubyen si li plase nan men yon pwofesè ki pa byen kalifye.
- Paran ap resevwa enfòmasyon konsènan nivo rannman pitit yo resevwa sou tout egzamen leta.
- Paran gen dwa resevwa konminikasyon nan lang yo konprann.

## KONTRA LEKÒL-PARAN-ELÈV

Paran travay ansanm ake lekòl chak ane pou yo ekri e apwouve yon kontra pannan reyinyon SAC e lòt gwoup paran yo. Kontra a delimitè reskonsablite **paran, pwofesè, dirèktè e elèv** lè y ap travay ansanm pou amelyore pefòmans elèv la.

## PARAN KÒM PATNÈ NAN APRANTISAY ELÈV LA

Karant ane rechach moutre ke elèv ki gen fanmi ki patisipe nan edikasyon yo resevwa pi bon nòt, yo enskri nan pwogram ki plis egzijan, yo gen yon pi wo to gradyasyon, epi yo gen plis chans pou kontinye etid yo nan kolèj. Se enpòtan pou paran patisipe nan lekòl pitit a yo.

Paran ka patisipe nan plizyè fason:

- Asiste atelye pou paran ki ofri nan lekòl epitou yo ka asiste aktivite lekòl la.
- Verifye chak jou si pitit yo fin fè devwa yo epi pale yo konsènan ki sa yo aprann nan lekòl la.
- Vin jwenn Konsèy konsiltatif lekòl (SAC) e/ou lòt asosyasyon paran pou ede nan fè desizyon enpòtan nan lekòl la.

### National Standards for Family-School Partnerships

